



CollegeForYou.NJ.gov

Degre inivèsite w pi pre pase sa w konprann.

10 Etap Enpòtan nan Pakou Aplikasyon Inivèsite W

1. **Òganize Zafè w:** Fikse kèk bi, kòmanse ak semès ou vle enskri a. Sonje, New Jersey genyen dat limit spesifik pou èd finansye pou yo konsidere etidyan pou èd Eta, epi chak inivèsite genyen pwòp dat limit ak egzijans inik pa yo pou aplikasyon yo ki depann sou ki semès ou prevwa enskri.
2. **Fè Rechèch sou Inivèsite ak Pwogram nan New Jersey:** Idantifye ki inivèsite nan New Jersey ki enterese w baze sou faktè tankou kote ak kalite degre ak pwogram yo ofri.
3. **Konprann Egzijans Aplikasyon yo:** Ale sou sitwèb chak inivèsite pou konprann kisa yo egzijè pou etidyan pwospektif yo.
4. **Aplike pou Èd Finansye:** Ranpli Aplikasyon Gratis pou Èd Etidyan Federal la (FAFSA) oubyen Aplikasyon pou Èd Finansye Altènatif la pou New Jersey (si w se yon NJ Dreamer) pou wè si w elijib pou èd finansye. Ou te mèt mete inivèsite spesifik ou enterese asiste a pou wè ki sibvansyon ak bous detid ki ta disponib nan chak.
5. **Vizite Kanpis yo:** Pwograme tou inivèsite ou enterese asiste oubyen ale nan yon seyans pòt ouvè pou w ka pi byen konprann anviwònman aprantisaj yo.
6. **Enskri pou epi Pase Kèlkeswa Tès ki Aplikab:** Si inivèsite ou enterese ladan yo egzijè mak tès SAT/ACT epi w poko pase youn nan tès sa yo, asire w enskri pou nenpòt nan tès sa yo ou ta bezwen.
7. **Sanble Materyèl pou Aplikasyon W:** Kolekte transkripsyon yo, lèt rekòmandasyon yo, mak tès SAT/ACT yo, ak nenpòt lòt materyèl obligatwa pou aplikasyon inivèsite w (yo). Konpoze yon deklarasyon pèsonèl oubyen redaksyon, si nenpòt nan inivèsite ou (yo) egzijè youn nan men kandida yo.
8. **Ranpli Aplikasyon:** Ranpli epi soumèt aplikasyon inivèsite w (yo) anvan dat limit chak inivèsite endividyèl. Ou kapab petèt itilize App Common nan oubyen petèt aplike dirèkteman ak inivèsite a.
9. **Kontwòl Soumisyon yo:** Asire w te soumèt tout eleman aplikasyon an epi veye repons inivèsite a pou soumisyon w.
10. **Pran Desizyon W:** Yon fwa youn aksepte w nan youn inivèsite oubyen plizye, konpare kisa chak inivèsite gen pou li ofri epi deside ki kote ou pral asiste a. Asire w notifiye inivèsite a wou desizyon w anvan dat limit aplikab la pou desizyon yo. Chèche konsèy nan men administratè ak konseye akademik inivèsite w si w bezwen èd pou w konplete enskripsyon w.

Pou plis enfòmasyon, ale sou CollegeForYou.NJ.gov



© 2024 CollegeForYou.NJ.gov. Tout Dwa Rezève.
CollegeForYou.NJ.gov se yon inisyativ Eta New Jersey pou ede rezidan yo aksede opòtinite a edikasyon sipèryè opportunities.